Health

# Pajum jàngoroy tiberkiloos (tuberculosis, TB) bu nëbbatu ci diiru weer: Ay xibaar yu aju ci grabu Isoñasid ak Rifapentin jëm ci wëy feebar yi

Tërëlinu pajum tiberkiloos bu nëbbatu ci diiru weer mi ngi aju ci ñaari garab — **Isoñasid** ak **Rifapentin** — ñuy ñaari doom yu ñuy jëlandoo.

- Naanal doom yi (ci gemmiñ gi) bes bu nekk bamu mat 28 fan.
- Jëlël ñeent ba juróom benn doom bes bu nekk, mi ngi aju ci li ñu la digël nga jël ko ci garab yi.
- Jëlandool garab yépp bes bu nekk booy lekk.

## Ana kan moo warula jël Isoñasid ak Rifapentin?

Kiy toppatoo sa wergi yaram dina la wax boo waree jël Isoñasid ak Rifapentin. Waroo jël garab yii bu fekkee:

- Amagoo fukki at ak ñett wala sa diisaay dafa yées 66 libër (30 kilo).
- Bu fekkee yaa ngi jël garabu doomu jàngoroy SIDAA bu am doole.
- Da nga nekk jigeeni werul, da nga fas yéene ëmb, wala da ngay nàmpal.
- Da ngaa ame wala da ngaa njort jàngoroy tiberkiloos (tuberculosis, TB).

## Lan laa wara def bu fekkee damay jël yeneeni garab walanmay faju ngir yeneeni jàngoro?

Waxal kuy toppatoo sa wergi yaram bu fekkee:

- Yaa ngi jël yeneen garab, lu mel ni ay reen ak ay xob, garab yu ñuy jaay ci mbedd mi (yu ñu la bindalul), ay witaamin ak garab yuy teree ëmb?.
- Da nga ame yeneeni jàngoro wala tawat wala yaa ngi faju ngir yeneeni jàngoro wala tawat?.

## Laneen lan laa wara xamaat ci Isoñasid ak Rifapentin?

- **Bul** jël benn garab bu am asetaminofen (Tylenol) te bul naan sàngara ci diir bi ngy jël Isoñasid ak Rifapentin.

- Rifapenten mën na làmboo lenn ci ay tilim-tilim yu ñuy woowee ay nitrosamin, yiy nekk yenn saay ci ndox yi ak ci ñam yi. Waaye njariñ yu nekk ci jël Rifapenten moo ëpp fuuf lor yi tilim-tilim yooyu le mëna indi.
- Waxak ak kiy toppatoo sa wergi yaram boo amee sel ñaar ci mbiru jël Isoñasid ak Rifapentin.

## Yan mooy lor yi mëna aju ci Isoñasid ak Rifa pentin?

Boo amee lenn ci lor yi ci mëna aju yii, wowal kiy toppaatoo sa wergi yaram:

- Miir
- Xel muy teey
- Waccu
- Sonn (yéeg coono)
- Der bu am ay goom
- Ñàkk mëna lekk
- Yaram wala ay waq yuy metti
- Tàngooru yaram
- Rangooñ wala ñaq wala saw mu xonq
- Birr buy metti wala buy nex-nexal
- Limu doomu dereet bu neew
- Gëstu yuy wone doxinu res bu yéeg

## Fan laa mëna amee ay xibaaar?

Woowal waa santar buy saytu wàllu tiberkiloos (tuberculosis, TB) bi ngay fajoo:

- **Corona:** 718-396-5134
- **Morrisania:** 718-838-6876
- **Fort Greene:** 718-249-1468

Ngir ay xibaar yu gëna yaatu ci jàngoroy tiberkiloos (tuberculosis, TB), yërël nyc.gov/health/tb.

1.25 Wolof